

18 out 2020

Nou ap tann pou premye jou lekòl la kòmanse nan jou lendi ki ap 31 out la. Tanpri revize enfòmasyon ki anba yo pou ou kapab jwenn tout sa ki nouvo yo.

AKTIVITE POU METE NOU PRÈ (17-30 OUT)

Aktivite sou "Preparasyon" yo pral bay apèsi sou kontni edikatif ki ap vini yo, yo pral bay pitit ou opòtinite pou pratike konpetans ki pral ede nou fè siksè, epi ki pral disponib nan nenpòt aparèy ki genyen aksè avèk entènèt. Pwogram Anseyman ak Aprantisaj la devlope aktivite pou mete nou prè ki ape tale sou de semen, e yo ap kòmanse jodi 17 out la. Aktivite sa yo opsyonèl, angajan, edikatif epi se distri eskolè a ki kreye yo. Sepandan, pitit ou a pa pral resevwa nòt pou yo e yo ap pèmèt pitit ou travay pou kont li. Pitit ou a kapab jwenn aksè avèk aktivite Preparasyon yo atravè Sistèm Jesyon Anseyman Canvas la (LMS).

Pou ale nan aktivite "Preparasyon" yo:

- Konekte nan Canvas lè ou vizite sit sa a canvas.collierschools.com
- Klike sou "Modules"
- Chèche nan semèn ki kòrèt la
- Chwazi yon paj lyen espesifik pou matyè ou vle a
- Li direksyon yo epi konplete aktivite a

Pou asistans, tanpri vizite lyen ki ap mennen ou nan "Paj" navigasyon Canvas la epi ale sou paj espesifik la pou li kapab asiste ou nan depanaj. Nan "Pages," ou pral jwenn asistans nan Canvas ak resous ekstra pou matyè yo.

MAS POU KOUVRI VIZAJ ANSANM AK APARÈY POU PWOGRAM COLLIER CONNECT YO – ELÈV KI AP VINI LEKÒL

Yo egzije elèv yo kouvri vizaj yo lè yo nan bis la ak nan lè yo lekòl la apati lendi 31 out. CCPS rekòmande elèv yo kouvri vizaj yo epi mete linèt pwoteksyon pou bare vizaj yo e yo pral distribye yo nan premye jou lekòl la pou bay chak elèv materyèl an plis. Si ou pa gen tan resevwa materyèl sa yo nan premye jou a, tanpri kontakte lekòl pitit ou a.

Elèv ki ap vini lekòl pral kòmanse itilize tou aparèy Collier Connect pa yo a (iPad pou Pre-K ak Kindergarten epi laptop pou elèv ki nan klas 1-12èm ane) e ekoutè ki genyen mikwo an liy nan premye jou elèv yo vini an. Elèv yo kapab kòmanse pote aparèy yo lakay yo chak jou aprè yo fin resevwa yo a epi konplete fòm konfimasyon an ke yo pral distribye nan premye jou lekòl la

CLASSROOM CONNECT AK eCOLLIER ACADEMY (eCA)

Lekòl la pral kontakte paran elèv ki nan Classroom Connect ak eCA pou fè yo konnen ki lè pou yo vini chèche aparèy, materyèl enstriksyonèl, avèk lòt resous/materyèl Distri a.

TRANSPÒTASYON POU ELÈV KI PRALE LEKÒL YO

Ou kapab vizite bus.collierschools.com pou jwenn enfòmasyon sou kote estasyon bis yo ye epi ou ap antre nan sistèm nan avèk nimewo ID elèv la ansanm dat nesans li.

Mèsi ankò pou sipò ou ba nou pandan ke nou ap avanse nan novèl ane eskolè 2020-21 an.

Pou tout dènye enfòmasyon yo, ale vizite sit entènèt Avanse pou pi Devan nou an nan collierschools.com/reopening. Tanpri kontakte lekòl pitit ou a si ou genyen nenpòt kesyon oswa voye yon kourye elektwonik ba nou nan reopening@collierschools.com.

Dr. Kamela Patton
Sipèntandan Lekòl yo